



Pwoteje tibebe w la kont epatit B

Enfeksyon viris epatit B nan yon moun ansent ka transmèt bay pitit li lè li fèt. **Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal San Diego** a travay avèk fanmi yo ak doktè yo pou asire ke tibebe a pwoteje byen bonè.

Depistaj

- Doktè w la ap fè tès pou epatit B pandan gwosès la. Li rekòmande pou fè tès pandan chak gwosès, menm si w te deja fè tès la anvan.
- Si ou teste pozitif pou epatit B, y ap enskri w nan Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal ki gratis la. Pwogram sa apa de swen medikal regilye ou, ke w ap kontinye resevwa nan men doktè w la ak ekip lopital la.



Sèvis Pwogram yo

- Yon enfimiyè responsab dosye a ap rele w pou poze w kesyon sou gwosès ou epi ba w enfòmasyon sou pwogram nan.
 - Y ap voye yon lèt ba ou tou ak enfòmasyon pou kontakte enfimiyè responsab dosye a ansanm ak lòt resous.
- Enfimiyè responsab ka w la ap travay avèk ou menm ak ekip medikal ou a pou asire tibebe w la resevwa vaksen ak tès li bezwen yo, epi pataje lòt resous itil.

Vaksen ak Tès

Tibebe w la ta dwe jwenn:

- Vaksen kont epatit B a ak globilin epatit B (Hepatitis B Immune Globulin, HBIG) nan lespas 12 èdtan apre nesans pou plis pwoteksyon.
- 3-4 dòz vaksen epatit B ki rete yo jan yo te prevwa.
- Yon tès san apre vaksen an (Post-Vaccine blood Test, PVST) pou konfime tibebe w la pwoteje epi li pa gen epatit B.
- Tès oswa tretman adisyonèl, si sa nesèsè.



Kontakte nou!

- Vizite [Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal](#) sou entènèt.
- Imèl PHS-PerinatalHepB.HHSA@sdcounty.ca.gov.
- Rele 866-358-2966 epi chwazi 'opsyon 5' pou pale ak yon Enfimiyè Sante Piblik.

